Bhaibheri re vana

Rinokupai



Mauto aGideon mashoma

Rakanyorwa na: Edward Hughes
Rakafanidzirwa na: Janie Forest;
Alastair Paterson
Rakatorwa na: Ruth Klassen
Rakashandurwa na: Miriam Furusa
Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada
©2021 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.



Mushure mekufa kwaJoshua, vanhu vese veIsirairi vakaramba kuteerera Mwari vakamusiya muupenyu hwavo.



Mwari akasiya vavakidzani vavo maMidia achipisa zvipfuwo nedzimba zvemaIsirairi. VaIsirairi vakanga vave

kutogara mumapako.

Mumwe muIsirirairi, Gideon, anofanira kunge aiva nepakavanzika paairima gorosi. Aipura gorosi akawhanda pasi pemuti muhombe paigadzirirwa waini yemazambiringa. VaMidia vaisaziva nzvimbo iyi asi Mwari vaiyiziva. Mwari vakatumira ngirozi neshoko kuna Gideon.

Mwari vaida kuti Gideon aparadze mufananidzo wechimwari chababa vake nekuvakira Mwari wechokwadi aritari. Kunyangwe Gideon aitya vamwe vemunyika yake kuti vaizomuuraya akateerera zvainge zvarairwa naMwari.



Mwari vaida zvakare kuti Gideon atungamirire varwi vaizorwisa maMidia ayo ainge akaipa. Asi Gideon aitya. Akakumbira Mwari kuti vamupe chiratidzo chekuti vaiva naye. Akagadzika dehwe rehwai pasi.



"Kana paine dova padehwe rehwai chete, asi pasi pamwe pose pakaoma," akanamata Gideon, "zvino ndichaziva kuti mucharwira Isirairi neruoko rwangu, sekutaura kwamakaita."

Mangwanani, pasi pakange pakaoma asi DEHWE RAINGE RAKATOTA ZVAKANYANYA!

Gideon aive achine kusatenda. Iyezvino aida kuti Mwari vaise dova pasi pamwe pose kwete padehwe. Mangwana mangwanani, pasi paiva pakatotesa asi DEHWE RAIVA RAKAOMA.

Gideon akatanga aine mauto zvuuru makumi matatu ane zvuuru zviviri. Mwari vakabvisa vamwe kukasara varume mazana matatu chete. Mwari vaisada kuti vaIsirairi vagoti, "Ruoko rwangu ndirwo rwandiponesa," Mwari ega ndiye aive Muponesi waIsirairi.



Vachiziva kuti Gideon aiva achiri kutya, Mwari vakatendera Gideon kuti anzwe umwe musoja weMidia achitaurira umwe wake nezvehope dzisina kujairika. Muhope idzi, rofu rimwe rechingwa rakakunguruka rikawisira tende yavaMidia nekuriparadza.



Rimwe jinda rakatyiswa. “Iri ndiro bakatwa raGideon…,” rakadanidzira. Gideon paakanzwa hope nedudziro yehope idzi idzi, akaziva kuti Mwari vaizomupa rukuriro.

Gideon akaronga kupamba usiku. Akapa musoja mumwe nemumwe bosvo, nemigoro yaiva nemwenje mukati. Vakabva vatenderedza mauto eMidia.



Pavakapiwha chiratidzo naGideon masoja akaridza mabosvo avo, ndokutsimbidzira migoro yavo pamwe nekubatidza mwenje yavo. Pakava neruzha nenyongano! Nekutya maMidia akasimuka akamhanya akatiza.



Mushure mekukurira kukuru kwakadai, varume veIsirairi vakakumbira Gideon kuti ave mutongi wavo.



Handinga kutungamirirei. “Mwari voga ndivo vachakutungamirirai,” Gideon akavapindura. Aiziva kuti Mwari ega ndiye ane kodzero yekutonga Muupenyu hwevanhu.



Mauto aGideon mashoma

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa muna

Judges 6-8

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130



15

60

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16